# ЖАЗА СИСТЕМАСЫ ТУСИНИГИ

**Шамшетова Зулхумар Караматдин кизи**
**Бердибоев Сардор Эркабой ўғли**
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети Юридика факультети талабалари*

**Аннотация:** *Уси мақалада жаза системаси хәм оның түрлери хаққында айтып өтилген. Жынаят кодексинде белгиленген жаза системасы, жазалаў сиясатына толық сәйкес келип, өзинде жынаят ҳуқықының принциплерин толық көрсетеди*

**Гилт сөзлер:** *жаза, Жинаят кодекси, жәриймa, нызамлылық, өмирлик еркинен айырыу, мәжбүрий жәмийетлик жумислар,*

.

Жаза системасы – бул салыстырмалы аўырлығын есапқа алған ҳалда, жеңилинен аўырына қарай қатал белгиленген тәртипте жайластырылған, беккем бирлик, өз ара байланысқан ҳәм бир бирин толықтыратуғынлығы менен ажыралып туратуғын мәмлекетлик мәжбүрлеў шаралары (система элементлери)ның избе из, толық қамтылған дизими.

Жынаят кодексиниң 43-статьясында жаза сиситемасы берилген болып, онда жынаятты ислеўде айыпкер деп табылған шахсларға қолланылатуғын жаза түрлери көрсетилген. Жынаят кодексиниң 43-статьясында белгиленген жаза системасы исленген жынаяттың аўырлығы ямаса онша қәўипли емеслиги көз қарасынан жынаят ҳуқықының теориясына муўапық болыўы ҳаққындағы пикирлерге сәйкес келеди. Жынаят кодексиндеги жаза системасы өзиниң аўырлығы көз қарасынан жоқарыдан төменге қарап емес, ал төменнен жоқарыға қарап белгиленген. Жаза системасының бундай тәртипте белгилениўи өзинде «инсаныйлық» принципин толық көрсетеди.

Суд айыпкерге тек жынаят нызамында нәзерде тутылған жазаның түрин ғана қолланыўы мүмкин. Бул нызамлылық ҳәм мәмлекеттиң жынаятшылыққа қарсы гүрес сиясатын, жазалаў функциясының әмелге асырылыўын тәмийинлейди.

Жаза системасы жеңилинен аўырына қарап жайластырылған жаза түрлериниң жыйнағы болып табылады.

Жынаят ҳуқықында жаза системасы улыўма принциплер тийкарында систематластырылған. Онда нызамлылық, пуқаралардың нызам алдында теңлиги, әдиллик ҳәм инсаныйлық принциплери беккемленген. Жынаят

кодексинде көрсетилген жаза системасының төмендеги элементлерин атап өтиў мүмкин[4]:

1) мәмлекет атынан қолланылыўы арқалы судланыўшыны тәрбиялаўға, жынайый ҳәрекеттиң алдын алыўға, сондай-ақ, улыўма арнаўлы превенцияға ерисиў мүмкин болған жаза системасын қурайтуғын элементлер сыпатында тек өз алдына мәмлекеттиң мәжбүрлеў шаралары көрсетиледи;

2) жаза системасының элементлери өз ара байланыслы ҳәм бир-бирин толықтырады. Жаза системасының бул белгиси жазаның нәтийжелилигине ерисиў ушын ҳәр тәреплеме қатнас жасаўды билдиреди, яғный белгиленген мақсетке ерисиў қандайда бир жаза шарасын қолланыўда емес, ал судланыўшыға комплексли тәсир шараларының қолланылыўы менен байланыслы болады. Бул белги Жынаят кодекси Арнаўлы бөлиминиң тийисли статьясының нормаларында альтернативлик жаза шараларының белгилениўи ямаса қосымша жаза шарасын қолланыўда көринеди;

3) жынаят нызамында белгиленген мәмлекеттиң мәжбүрлеў шаралары қатаң болып, оның кеңейтилиўине жол қойылмайды. Жынаят кодексинде көрсетилмеген жаза шараларын айыпкерге қолланыў мүмкин емес. Жынаят кодексиндеги жаза системасына киргизилмеген жаза шарасы Жынаят кодекси Арнаўлы бөлиминиң санкциясына да киргизилиўи мүмкин емес;

4) жаза системасына киргизилген жаза түрлери аўырлық дәрежесине қарап, жайластырылған болып, жеңилинен аўырына қарап жайластырылған. Жәмийетте ҳәм мәмлекетте жүз берип атырған жәмийетлик-сиясий өзгерислер ҳәм раўажланыў дәрежеси жаза системасына тәсир етеди; жаза түрлери өзгереди, айырым жазалар өз әҳмийетин жойтып, жынаят нызамынан шығарылады, жаңа түрлери болса нызамға киргизиледи.

Жынаят кодексинде жаза түрлери төмендегидей жайластырылған:

1) жәрийма; 2) белгили ҳуқықтан айырыў;3) мәжбүрий жәмийетлик жумыслар;4) мийнет пенен дүзетиў жумыслары;5) хызмети бойынша шеклеў;6) еркинликти шеклеў;7) интизамлық бөлимге жибериў;8) еркинен айырыў;9) өмирлик еркинен айырыў.

Ер жетпеген шахслар ушын Жынаят кодексиниң 81-85-статьяларында жаза системасы өз алдына белгиленген. Бул жазалар: 1) жәрийма; 2) мәжбүрий жәмийетлик жумыслар; 3) мийнет пенен дүзетиў жумыслары; 4) еркинликти шеклеў; 5) еркинен айырыў.

[4] O'zbekiston Respublikasi Jinoyat kodeksi URL:https://lex.uz/acts/111453

Жаза системасы тийкарғы ҳәм қосымша жазалар деп бөлинеди. Усы мәнисте нызам (ЖК ниң 43-ст.) жазалардың үш топарын ажыратады.

Биринши топарға тийкарғы жазалар киреди. Бул жазалар басқа жазаларға қосылмастан, тек өз алдына қолланылады. Булар - жәрийма, белгили ҳуқықтан айырыў, мәжбүрий жәмийетлик жумыслар, мийнет пенен дүзетиў жумыслары, хызмети бойынша шеклеў, еркинликти шеклеў, интизамлық бөлимге жибериў, еркинен айырыў, өмирлик еркинен айырыў жазалары.

Екинши топар жазалары қосымша жазалар есапланады. Бул – әскерий яки арнаўлы атақтан айырыў жазасы. Қосымша жаза өз алдына тайынланбайды, ол тийкарғы жазларға қосып тайынланады.

Үшинши топар жазалары суд тәрепинен белгили бир жағдайларда тийкарғы жаза ретинде, басқа жағдайларда тийкарғы жазаға қосымша ретинде тайынланатуғын жазалар киреди. Бул - белгили ҳуқықтан айырыў жазасы. Үшиниши топардағы жазаларды көпшилик әдебиятларда «аралас жазалар» деп те атайды. Егер ЖКниң Арнаўлы бөлим санкциясында белгили ҳуқықтан айырыў жазасы тийкарғы жаза ретинде көрсетилген болса, оны қосымша жаза ретинде тайынлаўға жол қойылмайды.

Хызмети бойынша шеклеў ҳәм интизамлық бөлимге жибериў жазасы (ЖК ниң 43-ст.3-б.) жынаяттың арнаўлы субъектине қарта қолланылады[5]. Бул жаза басқа шахсларға қолланылыўы мүмкин емес.

Жынаят нызамында белгиленген жаза шараларының системасы қатаң болып, суд судланыўшыға нызамда белгиленген жаза шарасынан басқа бирде-бир жаза шарасын қоллана алмайды. Жынаят кодексинде белгиленген жаза системасы, жазалаў сиясатына толық сәйкес келип, өзинде жынаят ҳуқықының принциплерин толық көрсетеди. Ҳәрекеттеги жынаят нызамы өзиниң өзгешелиги ҳәм мазмунына қарап ҳәр қыйлы жаза шараларын белгилеп, жынаятшылыққа қарсы гүресте нәтийжелиликти арттырыўға хызмет етеди.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР:

1.O’zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi – Toshkent: “O’zbekiston”,2021y. URL: https://constitution.uz/oz/clause/index#section1

2.O’zbekiston Respublikasining Jinoyat kodeksi [2021 yil 1 aprelgacha bo’lgan o’zgartirishlar va qo’shimchalar bilan] – T.: «Yuridik adabiyotlar publish», 2021y. –

[5] Utemuratova S.Sh. Jinayat huquqi (Uluwma bo’lim).Woqi’w qollanba. No’kis: “Qaraqalpaqstan” bosmaxonasi 2015. 139b.

3.Jinoyat huquqi. (Umumiy qism) Darslik. Ma'sul muharrir: yu.f.f.d (PhD) X.Ochilov – T.:Adolat nashriyoti, 2020.

4. Rustambayev M.X. O'zbekiston Respublikasining Jinoyat kodeksiga sharhlar. 3-Maxsus qism/M.Rustambayev. – Toshkent: «Yuridik adabiyotlar publish», 2021y. –744b

5. Utemuratova S.Sh. Jinayat huquqi (Uluwma bo'lim).Woqi'w qollanba. No'kis: "Qaraqalpaqstan" bosmaxonasi 2015. 139b.

6. Утемуратова Ш. ЭКОЛОГИЯ СОҲАСИДАГИ ЖИНОЯТЛАР ТУШУНЧАСИ ВА БУ ТУРДАГИ ЖИНОЯТЛАРНИ ТЕРГОВ ҚИЛИШНИНГ ЎЗИГА ХОС ХУСУСИЯТЛАРИ //ВЕСТНИК КАРАКАЛПАКСКОГО ГОСУДАРСТВЕННОГО УНИВЕРСИТЕТА ИМЕНИ БЕРДАХА. – 2014. – Т. 23. – №. 2. – С. 104-107. URL: https://karsu.uz/wp-content/uploads/2019/04/%D0%B2%D0%B5%D1%81%D1%82%D0%BD%D0%B8%D0%BA-2014-2.pdf#page=102